

**(Lyen Lakay) Inite 3: Van ak Dlo: Semèn 2**

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou pral aprann sou van ak dlo. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen. **AMIZE N!**

Non timoun nan: _____

<u>Langaj</u>	<u>Dekouvèt</u>
<p>(Anrapò ak liv: <i>Gilberto and the Wind</i> and <i>One Dark Night</i>)</p> <p>Rakonte Istwa: Rakonte pitit ou yon istwa sou tan an (tanperati a).</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki kalite tanperati ou prefere? ● Pou ki sa w renmen jan de tanperati sa a? ● Ki jan w santi w lè _____ (li fè nèj, li fè lapli, li fè glas, genyen solèy)? <p>Kèk mo nou kapab itilize pandan n ap pale ansanm se: <i>tan/tanperati, tanpèt, loraj, lapli, zeklè, tanpèt nèj, nèj, van, siklòn.</i></p>	<p>Koule ak Flote: (Anrapò ak liv: <i>Gilberto and the Wind</i>)</p> <p>Materyo: yon gwo resipyan vid, pyès monnen, wòch, papyè, kiyè (plastik, metal, osinon bwa), boul koton</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ranpli resipyan an (oswa benywa a oswa lavabo a) avèk dlo. ● Mande pitit ou an pou l devine ki objè k ap koule ak ki objè k ap flote. Fè de (2) pil. ● Teste objè yo? <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Èske w panse _____ (wòch) la ap koule oubyen l ap flote? ● Pou ki sa w panse _____ (wòch) la ap koule/flote? ● Konbyen objè ki te koule? Konbyen objè ki te flote? ● Ki kantite ki pi gwo oswa ki pi piti? <p>Kèk mo ou kapab itilize pande n ap pale ansanm se: koule, flote, lou, lejè.</p>
<p><u>Pale epi Li Ansanm</u> (20 minit)</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Gade kouvèti a. Sou ki sa w panse liv sa a pral pale? ● Ki pati w pi renmen nan istwa a? ● Ki premye bagay ki pase nan istwa a? ● Ki sa w panse ki ka rive aprè? ● Ki pèsonaj ou pi renmen? 	<p><u>Alfabetizasyon</u></p> <p>Powèm: Resite ansanm. Sa a se yon powèm pitit ou dwe abitye avè l.</p> <p>Boom! Bang! Boom, bang, boom, bang! Rumpety, lumpety, bump! Zoom, zam, zoom, zam! Clippety, clappety, clump!</p> <p>Rustles and bustles, And swishes and zing; What wonderful noises A thunderstorm brings! - Anonymous</p>

Matematik

Tande epi Konte:

Materyo: mamit eten, bouchon boutèy oswa pyès monnen

- Mande pitit ou pou l fèmen je l
- Pandanke w ap lage 1 a 5 objè nan mamit la, mande pitit ou an pou l konte nan tèt li epi montre w sou dwèt li konbyen objè ki tonbe.
- Vide objè yo epi fè pitit ou an konte yo.
- Repete sa ak diferan kantite objè.

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Konbyen w te tande?
- Kòman w fè konn sa?

Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou van ak dlo!

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

Liv n ape li lekòl la:

Rabbits and Raindrops ekriven: Jim Arnosky

Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:

It Looked Like Spilt Milk ekriven: Charles Green Shaw
Oh Say Can You Say What's the Weather Today?:
About Weather ekriven: Tish Rabe
The Cloud Book ekriven: Tomie De Paola

Kèk konsèy pou lè n ap li ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “**Nibble** vle di: pran ti dan pou moulen yon manje.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Ki sa lapen yo ap fè si li kòmanse fè lapli ankò?”